



Planin Familyal ak Sèvis Sante Seksyèl Konfidansyèl

Kesyon Moun Poze Souvan pou Adolèsan ki Gen Mwens pase 18 lane nan New York

Ou gendwa konnen yon moun ki te jwenn èd lè li te panse li te gen yon IST - oswa lè li te ansent. Li gendwa te ale nan youn nan plizyè klinik Pwogram Planin Familyal (Family Planning Program) Eta New York yo. Nou ofri planin familyal ak anpil lòt sèvis.

Planin familyal se pa sèlman pou sante repwodiktif ou - oswa pou planifye pou gen yon fanmi. Li konsène sante seksyèl ou tou. Si w bezwen konsèy konfidansyèl, nou kapab ede.

Sèvis nou yo gen ladan:

- Metòd planin
- Kapòt gratis
- Tès gwosès
- Bilan sante regilye
- Tès ak tretman pou enfeksyon moun pran nan fè bagay, oswa IST



1. Kijan pou m jwenn konsèy konfidansyèl?

Ale nan yon biwo Pwogram Planin Familyal oswa itilize sèvis telesante. Telesante pèmèt ou wè pwofesyonèl swen sante w la san ou pa bezwen ale nan klinik li. Anpil nan biwo Planin Familyal Eta New York yo ofri opsyon sa a. Lè w rele yon klinik, mande si gen telesante disponib pou sèvis w ap chèche a. Nan yon randevou telesante, w ap fè vizit la nan telefòn oswa sou òdinatè, epi ou kapab sèvi avèk videyo.

Jwenn yon pwogram Planin Familyal toupre ou nan health.ny.gov/familyplanning oswa eskane kòd QR la:



2. Èske m kapab jwenn sèvis sa yo si m pa gen asirans sante? Èske gen pwogram pou ede m peye?

Ou pa bezwen asirans pou resewva sèvis Pwogram Planin Familyal Eta New York yo. Sèvis yo gratis oswa yo pa koute chè selon revni ou. Ou kapab pale tou avèk pwofesyonèl swen sante ki nan zòn ou an sou opsyon kouvèti asirans yo. Sa gen ladan Pwogram Avantaj Planin Familyal la (Family Planning Benefit Program). Li ofri kouvèti pou anpil sèvis planin familyal.

3. Kijan Pwogram nan kapab sipòte sante mwen?

Pwogram nan la pou sipòte w san jijman. Nou ofri konsèy avize, konfidansyèl epi ki san patipri sou tout bagay ki gen pou wè avèk sante seksyèl ak repwodiktif. Klinik yo founi konsèy sou sante repwodiktif ki adapte selon bezwen pèsonèl ou. Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, kontakte klinik Planin Familyal lokal ou a pou jwenn konsèy.

4. Ki opsyon planin ki disponib pou adolesan yo?

Nou ofri anpil metòd, tankou:

- Konprime planin lan
- Dispozitif pou mete andedan matris (Intrauterine device, IUD)
- Kapòt
- Planin dijans, yo konnen sou non "konprime landemen an"
- Patch la
- Bag vajinal

5. Èske vizit ak enfòmasyon mwen yo ap rete konfidansyèl parapò ak paran oswa responsab legal mwen yo?

Nan Eta New York, adolesan ki gen mwens pase 18 lane pa bezwen otorizasyon yon paran oswa responsab legal pou li jwenn tès gwoès, metòd planin, tès IST ak lòt sèvis planin familyal ak sante seksyèl ak repwodiktif. Klinik la ap toujou rekòmande pou w pale avèk yon adilt ou fè konfyans, men sa se chwa pa w.



Enfòmasyon ou yo ap rete konfidansyèl sof si ou vle mete yon lòt moun okouran, tankou yon paran, responsab legal, patnè oswa yon lòt adilt ou fè konfyans - oswa, si pwofesyonèl swen sante a gen enkyetid parapò avèk sekirite oswa byennèt ou. Si w gen asirans sante atravè paran oswa responsab legal ou a, men ou pa vle sèvi avèk li pou rezon konfidansyalite, pale sa avèk anplwaye klinik la. Yo kapab di w kijan pou jwenn sèvis planin famiyal la poukont ou - epi kijan pou vizit ou a rete konfidansyèl.

6. Èske m kapab jwenn yon metòd planin san konsantman paran m?

Wi, moun ki gen mwens pase 18 lane gendwa jwenn metòd planin san konsantman paran yo nan Eta New York. Sa vre tou pou nenpòt klinik planin famiyal ki resevwa finansman federal pou Tit X Planin Famiyal.

7. Kisa m ta dwe fè si m panse mwen gen yon enfeksyon moun pran nan fè bagay (IST)?

Pran yon randevou pou yon tès IST konfidansyèl nan yon klinik Planin Famiyal Eta New York. Si pa gen okenn klinik toupre w, ou kapab jwenn èd nan men Sèvis Swen Sante Seksyèl ak Repwodiktif (Sexual and Reproductive Health Care Services). Ou kapab jwenn sèvis sa yo nan paj Anyè Pwofesyonèl Swen Sante Seksyèl Eta New York la (NYS Sexual Health Care Provider Directory) nan providerdirectory.aidsinstitute.ny.org oswa pou vil New York la nan nyc.gov/site/doh/health/health-topics/sexual-health.page

8. Ki kalite sèvis IST ou bay?

Yo kapab fè tès pou ou sou yon seri konplè IST nan yon klinik Pwogram Planin Famiyal. Pwofesyonèl swen sante yo kapab pale avèk ou sou opsyon prevansyon ak pwoteksyon, tankou kapòt ak PrEP pou VIH, oswa pwofilaksi anvan kontak (pre-exposure prophylaxis). Li se yon medikaman ki ka anpeche VIH lè yo pran li regilyèman. Yo kapab pale avèk ou tou sou PEP pou VIH, oswa pwofilaksi apre kontak (post-exposure prophylaxis). Li se yon medikaman ki ka anpeche VIH lè yo pran li nan lespas 72 èdtan apre kontak lan.

Ou kapab mande anplwaye klinik la pou yo pale w sou pwofilaksi apre kontak abaz doksisisiklin (Doxycycline Post-Exposure Prophylaxis, Doxy-PEP) ak tretman akselere pou patnè a (Expedited Partner Treatment, EPT).

- DoxyPEP se yon fason pwoaktif pou anpeche w trape yon IST. Li mande pou pran yon sèl dòz 200 mg yon antibyotik ki rele doksisisiklin nan lespas 72 èdtan apre ou fin fè bagay san kapòt. L ap diminye chans pou trape IST bakteryen, tankou klamidya, gonore ak sifilis.
- EPT pèmèt pwofesyonèl swen sante yo bay pasyan yo dyagnostike ki gen klamidya, gonore ak/oswa trikomonaz medikaman oswa yon preskripsyon pou patnè seksyèl yo. Konsa, patnè yo kapab trete tou, san yo pa bezwen yon konsiltasyon.



9. Kijan pou m chwazi metòd planin k ap bon pou mwen an?

Yon pwofesyonèl swen sante Pwogram Planin Familyal kapab ede w chwazi. Li kapab montre w kijan pou w sèvi avèk chak kalite metòd planin, ki metòd ki mache pi byen epi efè segondè posib yo. Erezman, pwofesyonèl swen sante nou yo fè sa chak jou avèk moun menm jan avè w. Y ap alèz pou yo pale avèk ou sou opsyon w yo.

10. Èske planin dijans disponib nan klinik Pwogram Planin Familyal yo?

Planin dijans, yo rele kèk fwa "konprime landemen an", disponib nan klinik yo ak nan anpil famasi. Si w aji vit, ou kapab toujou anpeche yon gwosès menmsi w te fè bagay san yon metòd planin, si metòd planin ou a pa t fonksyone oswa si w te sibi yon agresyon seksyèl. Planin dijans se yon fòm metòd planin yo kapab sèvi avèk li nan lespas 3 a 5 jou apre yon relasyon seksyèl. Rele klinik planin familyal lokal ou a pou pale sou opsyon ou yo.

11. Kijan m kapab pale avèk patnè m nan (yo) sou zafè fè bagay san risk ak sou planin?

Pale avèk patnè w la (yo) sou ki metòd ki mache pou nou toude. Li enpòtan pou yon vi seksyèl san danje pou w kominike yon fason ki onèt epi san kontrent avèk patnè w la yon fason pou nou toude konprann bezwen youn lòt. Nou konnen li kapab difisil pou w pale sou zafè fè bagay. Si w bezwen èd oswa si ou gen enkyetid parapò avèk sante seksyèl ou, gen sèvis konsèy ki disponib nan klinik Pwogram Planin Familyal Eta New York yo.

12. Kisa m ta dwe fè si m gen enkyetid parapò avèk sekirite m?

Si w santi ou pa ansekirite, li enpòtan pou chèche swen oswa konsèy. Ou kapab chwazi tou pou pran swen nan klinik Pwogram Planin Familyal ou a oswa nan men yon lòt pwofesyonèl swen sante prensipal.

Si w te viktim yon abi oswa agresyon seksyèl, gen resous ki disponib. Pou jwenn plis enfòmasyon, rele Lij Dirèk Eta New York pou rapòte Vyolans Seksyèl ak Vyolans nan Kay (NYS Sexual & Domestic Violence Hotline) nan 1-800-942-6906 oswa voye yon mesaj tèks ba yo nan: 1-844-997-2121.

Se Pwogram federal Tit X (Title X Program) la ki sipòte Pwogram Planin Familyal Eta New York la. Kontni yo pa fòseman reprezante opinyon ofisyèl Gouvènman Etazini an.

**Pou plis enfòmasyon,
ale sou [opa.hhs.gov](https://www.opa.hhs.gov)**

